

19 desanm 2022

Chè fanmi,

Mèsi poutèt ou chwazi lekòl leta Vil Nouyòk ak poutèt ou fè nou konfyans pou nou edike pitit ou a. Pandan m ap fini premye ane konplè m kòm Chanselye, mwen ranpli avèk rekonesans, admirasyon ak respè pou ou. Mèsi pou afilyasyon solid ou ak sakrifis ou fè pou sipòte edikasyon pitit ou a.


Avan nou fini ane a, mwen vle w konnen kèk gwo bagay nou reyalize ansanm, soti nan ranfòse pwogram alfabetizasyon (literacy) nou ak senplifye pwosesis admisyon nou an pou reimajine edikasyon espesyal ak kreye nouvo mwayen pou lanse elèv nou yo nan lavni bryan yo merite.

Chak jou mwen nan lekòl nou yo ane sa a, sa ranfòse pwomès bryan timoun nou yo. Mwen wè li nan limyè zye yo, chalè souri yo ak fòs espri yo; li toujou ban m enèji ak enspire m. Mwen pral pote enèji ak pwomès yo a avèk mwen nan nouvo ane a, pandan n ap mete yon gwo konsantrasyon sou misyon nou: asire chak elèv gradye sou yon chemen pou yon yon karyè enteresan ak sekirite alontèm—epi ki ekipe pou li se yon fòs pozitif pou chanjman.

Mwen konnen fèt yo vle diferan bagay pou diferan moun, men mwen kwè kèlkeswa sa ou selebre oswa kòman ou selebre, fèt yo pote meyè bagay nan nou. Kounye a se moman pou nou pran poz pou nou rekonekte avèk moun nou renmen. Pou apresye tout sa ki bon nan vi nou, ak pou reflechi, relkse ak selebre, tou. Pou mwen, fèt yo se tou avanse nan dezyèm mwatye ane lekòl la. Yon pati nan djòb mwen se asire ekip mwen avèk mwen retounen an janvyè chaje avèk enèji ak angouman, pre pou kreye plis chemen ankò pou timoun nou yo pou reyalize rèv yo.

Mwen swete w yon sezon fèt ak kè kontan ak yon nouvo ane ansante ak reyisit epi mwen pa ka tann pou m wè oumenm ak pitit ou nan nou vo ane a.

Avèk rekonesans,



David C. Banks
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk

To view a copy of this document in your language, visit schools.nyc.gov/messagesforfamilies

للاطلاع على نسخة مترجمة من هذه الوثيقة، يرجى زيارة الرابط schools.nyc.gov/messagesforfamilies	এই ডকুমেন্টের অনুবাদকৃত সংস্করণটি দেখতে, schools.nyc.gov/messagesforfamilies ভিজিট করুন	如要查看本文件的中文譯本，請上網到 schools.nyc.gov/messagesforfamilies
Pour voir une version traduite de ce document, allez sur schools.nyc.gov/messagesforfamilies	Pou wè yon vèsyon dokiman sa a nan lòt lang, ale nan schools.nyc.gov/messagesforfamilies	이 문서의 번역본은 schools.nyc.gov/messagesforfamilies 에 있습니다.
Перевод документа находится по адресу: schools.nyc.gov/messagesforfamilies	Para ver una versión traducida de este documento, visite schools.nyc.gov/messagesforfamilies	اس دستاویز کی ترجمہ شدہ اشاعت دیکھنے کے لیے ذیل پر جائیں schools.nyc.gov/messagesforfamilies